NYC Department of Education

Angajman konsènan kontra pou ekselans ak plan pou redui efektif salklas pou ane fiskal 2027

Plan yo pwopoze pou ane fiskal 2027 _ Brooklyn

2 jiyè 2026

T40160 (Haitian Creole)

Kontèks kontra pou ekselans (Contracts for Excellence, C4E)

- Yo te etabli lejislasyon C4E a kòm yon pati nan bidjè eta a pou 2007-08 yo te adopte dapre èd fondasyon (Foundation Aid) epi li egzije pou yo itilize yon pòsyon nan Foundation Aid la pou rezon espesifik ki limite.

- C4E egzije pou yo mete lajan sa a pou pwogram espesifik k ap amelyore pèfòmans elèv ki gen pi gwo bezwen nan edikasyon, ladan men pa sèlman, elèv ki limite nan lang anglè, elèv ki nan povrete ak elèv ki gen andikap.

- Nan ane 2022, yo te amande lejislasyon C4E a pou mete plis egzijans ki gen rapò avèk limit efektif salklas.

Kontèks kontra pou ekselans (Contracts for Excellence, C4E)

Yo dwe depanse lajan an sèlman nan inisyativ sa yo. Pou ilistrasyon, yo mete pi ba a egzanp pwogram yo dapre inisyativ SED dwe apwouve.

- **Tan pou fè travay (Plis lè pou ansyèman). Egzanp**: Ane lekòl pwolonje, sipò akademik apre lekòl.
- **Pwogram modèl pou elèv k ap aprann nan plizyè lang. Egzanp**: Ogmantasyon resous ak materyèl bileng nan bibliyotèk.
- **Pre-kindergarten ak kindergarten tout jounen. Egzanp**: Ajoute klas (estaf anplis) ak/oswa depans ki gen rapò avèk aplikasyon Pre-kindergarten 4K tout jounen.
- **Rediksyon efektif nan salklas**. **Egzanp**: Anboche/peye pou salè pwofesè pou diminye efektif salklas oswa pwopòsyon elèv/pwofesè (student/teacher ratio) a
- **Inisyativ kalite pwofesè ak direktè lekòl. Egzanp**: Kreye yon pwogram ankourajman ki pa lajan kach pou bon kalite pwofesè pou anseye nan domèn ki gen gwo bezwen
- **Restriktirasyon lekòl presegondè/segondè**. **Egzanp**: Ogmante patisipasyon nan pwogram plasman avanse yo.
- **Pwogram eksperimantal** SED dwe apwouve avan yo mete yo an aplikasyon.
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou itilizasyon ak kondisyon ki elijib yo ou sitwèb NYSED nan: https://www.p12.nysed.gov/mgtserv/C4E/htm/researchandguide.html

Kontra pou ekselans (Contracts for Excellence, C4E) pou ane fiskal 2027

- **C4E ap gen yon ogmantasyon $269 milyon soti nan $1.089 milya pou rive nan $1.358 milya pou ane fiskal 2027 la.**
  - Sa gen ladan $224 milyon pou nouvo finansman ki la pou diminye efektif nan salklas nan ane fiskal 2027 la ak $45 milyon finansman ki deja egziste yo pral ajoute ofiamezi kòm C4E apati repatisyon efektif nan salklas ane pase a; epi yo pral kontinye itilize l pou efektif nan salklas.

- **Alokasyon $1.356 milya yo pwopoze nan ane fiskal 2027 la**
  - **San obligasyon - $487 milyon.**
    - Yo mete lajan sa yo pou lekòl epi yo ka itilize yo pou nenpòt objektif C4E ki elijib selon volonte lekòl la. Direktè lekòl yo pral travay avèk Ekip Lidèchip Lekòl yo (School Leadership Teams, SLT) pou planifye itilizasyon lajan sa a pou ane lekòl 2026-27 la dapre kondisyon itilizasyon ki elijib yo nan dyapozitif (slide) avan an. Yo ka chwazi chanje itilizasyon lajan an apati ane lekòl 2025-26 oswa yo ka kenbe pòs estaf oswa pwogram ki egziste deja ke yo te finanse pou ane lekòl 2025-26.
  - **Gwoup yo vize ak mentyen efò - $871 milyon.**
    - Yo mete lajan sa yo sou kote pou lekòl kòm sipò pou pwogram espesifik ki elijib. Yo te chwazi lekòl k ap resevwa alokasyon yo dapre (a) bezwen jeneral elèv yo ak (b) dapre kapasite pou reyalize pwogram espesifik la.
      - $465 milyon – Obligasyon pou diminye efektif (kontinye)
      - $183 milyon – Finansman ekitab elèv (Fair Student Funding, FSF)
      - $91 milyon – Diminye ofiamezi kantite elèv nan salklas
      - $86 milyon – Salklas ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT)
      - $30 milyon – Pwogram Ete (MOE)
      - $9 milyon – Pre-Kindergarten tout jounen
      - $7 milyon – Pou salklas elèv ki gen otis

Repatisyon lajan yo pwopoze onivo vil la

Tip repatisyon	Kantite	%
San obligasyon (Lekòl yo deside jan y ap itilize l nan pwogram ki elijib)	$486 584 204	35, 84%
Nouvo C4E pou diminye efektif salklas (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$465 226 302	34,26%
Finansman ekitab elèv (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$182 743 166	13,46%
Diminye ofiamezi kantite elèv nan salklas (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$90 772 009	6,69%
Ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT) (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$85 981 663	6,33%
Pwogram ete (pou kenbe efò)	$30 577 397	2,25%
Pre-kindergarten tout jounen (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$8 702 365	0,64%
Salklas pou elèv ki gen otis (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$7 156 900	0,53%
Total	**$1 357 744 006**	**100,00%**

Repatisyon lajan yo pwopoze Brooklyn

Tip repatisyon	Kantite	%
San obligasyon (Lekòl yo deside jan y ap itilize l nan pwogram ki elijib)	$139 229 867	36,26%
Nouvo C4E pou diminye efektif salklas (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$127 184 108	33,13%
Finansman ekitab elèv (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$52 446 870	13,66%
Diminye ofiamezi kantite elèv nan salklas (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$26 802 799	6,98%
Ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT) (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$24 649 397	6,42%
Pwogram ete (Kenbe efò)	$9 427 455	2,46%
Pre-kindergarten tout jounen (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$3 289 206	0,86%
Salklas pou elèv ki gen otis (Lekòl yo vize: Lekòl sa yo dwe depanse pou objektif sa a)	$908 954	0,24%
Total	**$383 938 656**	**100,00%**

Kòmantè piblik pou kontra pou ekselans

- N ap pran an kont kòmantè piblik la konsènan plan C4E a nan semèn k ap vini yo pandan n ap kontinye travay pou nou respekte obligasyon sa a.

- Delè pou piblik la voye kòmantè sou plan C4E a se 29 jiyè 2026.

- Edikatè, paran, ak tout lòt manm nan kominote Vil Nouyòk la ka voye kòmantè yo pa imèl nan contractsforexcellence@schools.nyc.gov

Plan pou redui efektif salklas

- Yo afiche yon **bouyon** plan an kòm yon pati nan pwosesis piblik Contracts for Excellence lan.
- Manm piblik la kapab bay opinyon atravè pwosesis sa a.
- Apre opinyon piblik la, NYCPS pral travay avèk sendika pwofesè ak sendika direktè lekòl yo pou finalize plan an. Dapre lwa a, sendika sa yo dwe apwouve plan an avan yo finalize li.
- Plan an dekri règleman nan nivo lekòl ak règleman nan nivo santral.

Degre konfòmite* dapre distri pou ane lekòl 2025-2026 la, apati 31 oktòb 2025

Distri	% salklas ki anba limit la
01 (Manhattan)	67%
02	65%
03	72%
04	70%
05	78%
06	77%
07 (Bronx)	78%
08	64%
09	80%
10	69%
11	62%
12	79%
13 (Brooklyn)	78%
14	68%
15	64%
16	80%
17	77%
18	79%
19	65%
20	50%
21	65%
22	51%
23	81%
24 (Queens)	63%
25	61%
26	48%
27	55%
28	56%
29	58%
30	62%
31 (Staten Island)	50%
32 (Brooklyn)	81%



Degre konfòmite a varye atravè vil la:

- Lekòl nan distri 32 (Bushwick), 23 (Brownsville, Ocean Hill), ak 16 (Bedford-Stuyvesant, Weeksville) gen pi gwo pousantaj pou salklas ki nan limit efektif oswa ki pi ba pase limit efektif la.
- Lekòl nan distri 26 (Floral Park, Little Neck, Bayside, Fresh Meadows), 31 (Staten Island), ak 20 (Bay Ridge, Fort Hamilton, Dyker Heights) gen pi piti pousantaj pou salklas ki nan limit efektif oswa ki pi ba pase limit efektif la.

**gen eksepsyon*

Chanjman nan degre konfòmite* dapre distri pou ane lekòl 2025-2026, apati 31 oktòb 2025

Distri	Ogmante nan % salklas ki anba limit la
01 (Manhattan)	6%
02	17%
03	19%
04	8%
05	14%
06	17%
07 (Bronx)	10%
08	8%
09	14%
10	12%
11	16%
12	11%
13 (Brooklyn)	30%
14	16%
15	14%
16	10%
17	17%
18	16%
19	8%
20	15%
21	29%
22	20%
23	0%
24 (Queens)	27%
25	28%
26	23%
27	18%
28	25%
29	17%
30	18%
31 (Staten Island)	19%
32 (Brooklyn)	15%



- Klas lekòl primè yo fè pi gwo pwogrè:
  - Klas K-3yèm ane te ogmante 28.7 pwen nan konfòmite
  - Klas 4yèm ane-5yèm ane te ogmante 23.1 pwen nan konfòmite
- Lekòl presegondè ak segondè te fè bon jan pwogrè:
  - Lekòl presegondè te vin gen 20.4 pwen anplis nan konfòmite
  - Lekòl segondè te vin gen 16.0 pwen anplis nan konfòmite
- Konfòmite pou lekòl ki te resevwa plis pozisyon pwofesè yo te ogmante 27 pwen, konpare avèk 7 pwen pou lekòl ki pa t jwenn pozisyon pwofesè atravè Pwosesis Finansman ane fiskal 2026 la.

**gen eksepsyon*

Rezime bouyon plan pou diminye efektif salklas

- **Rezime chanjman yo:** Avèk egzanpsyon, pou ane lekòl 2025-2026, vil la te rive nan yon pousantaj konfòmite 64% (59.5% san egzanpsyon), sa ki depase konfòmite 60% an dape lalwa.
- **Konsantrasyon entansif sou espas:** NYCPS ak Otorite k ap konstwi lekòl (School Construction Authority, SCA) la te fè yon sesyon entansif sou planifikasyon espas nan tout sistèm lan, nan chak lekòl—yo te revize plis pase 600 lekòl pou idantifye fason espesyal pou konfòmite ki bay priyorite pou agrandi espas ki egziste deja an premye, epi deplwaye solisyon pou envestisman kote sa nesesè. Apwòch la gen ladan solisyon pou envestisman ak solisyon ki pa gen envestisman, estrateji entegre, tankou chanjman nan enskripsyon, re-alokasyon espas nan bilding yo ak itilizasyon pwosesis A-190 la, pou sipòte efò rediksyon efektif nan salklas.
- **Angajman kontini pou anboche ak rekrite pwofesè:** NYCPS fokis sou rekritman pwofesè atravè piblisite, anbochaj ak aktivite kote moun rankontre lòt moun l ap kontinye fè, ansanm avèk plis inisyativ ki vize efò pou angajman bonè ak itilizasyon pwogram Teaching Fellows, ki gen ladan $17 milyon finansman pou sipòte efò sa a.
- **Finansman pou anboche pwofesè:** Yo pral bay lekòl $244 milyon anplis ($224 milyon se C4E) nan ane fiskal 2027 la pou anboche plis pwofesè epi pou mete plis bon edikatè nan salklas ki gen mwen elèv.

Chemen pou aliyen espas ak resous pou envestisman ak demand

Pwogram ak règleman lekòl segondè

- Lekòl ki bezwen sipò nan pwogramasyon santralize ak règleman olye nouvo espas
- Vizit ankomen Administrasyon santral ak distri pou revize planifikasyon, itilizasyon espas, ak estaf
- Ka bay enfòmasyon sou tout pwochen règleman sistèm lan

Andeyò kapital finansman – Kategori I: Efektif

- Pa gen anpil nouvo enskripsyon
- Abòde pwoblèm lan atravè ajisteman nan enskripsyon ofiamezi
- Desizyon ki pran an akò avèk planifikasyon distri a, enskripsyon elèv, ak sipèentandan

Andeyò kapital finansman – Kategori I: Espas nan bilding

- Kanpis ki nan menm espas ki ofri posiblite pou re-itilize espas ki deja egziste
- Distri a ap revize avèk direktè lekòl yo ak SLT yo pou evalye posibilite ki genyen
- DSF sipòte pou yo mete l an aplikasyon lè yo fin dakò sou chanjman nan espas la

Andeyò kapital finansman – Kategori II:

- Lekòl ki toupre lòt lokal avèk kapasite depase yon lòt kote nan distri a oswa nan zòn lan
- Egzije distri a fè planifikasyon avèk ODP ak moun ki gen moun ki konsène nan kominote a
- Ka mennen nan relokasyon oswa fizyon, apre kòmantè piblik la ak apwobasyon PEP

Kapital finansman– Lekòl segondè sèlman

- Limite bezwen sal yo (sal ki pa gen anpil timoun); pa nesesèman mande gwo envestisman
- Vizit ankomen Jesyon enstalasyon/espas ak ekip Sipèentandan pou evalye opsyon yo genyen
- Devlopman pwojè CTF yo

Kapital finansman

- Mank espas enpòtan, souvan mande plizyè sal
- SCA a dirije idantifikasyon solisyon kapital gwo echèl, an kowòdonasyon avèk distri

Kòmantè piblik sou plan pou diminye efektif salklas

- N ap konsidere opinyon piblik la nan semèn k ap vini yo pandan n ap kontinye travay pou respekte obligasyon sa a.
- Delè pou voye komantè piblik la se 29 jiyè 2026.
- Edikatè, paran, ak tout lòt manm nan kominote Vil Nouyòk ka voye kòmantè yo pa imèl nan ClassSize@schools.nyc.gov